

Èske mwen oblije ap viv nan vil Greeley a pou mwen aplike pou ranbousman an?

- Wi, se sèlman moun k ap viv nan limit Vil Greeley a ki ka aplike pou ranbousman sa a.

Èske mwen bezwen ranpli fòmilè sa a si mwen te ranpli l ane pase?

- Wi, ou bezwen ranpli l ankò. Kantite moun nan kay ou a ka chanje si yon moun te fèt oswa mouri. Lè w ranpli l ankò sa ede akselere pwosesis pou jwenn ranbousman ou an.

Èske mwen dwe bay nimewo Sekirite Sosyal pitit mwen yo?

- Repons: **Wi**. Sa yo nesèsè pou verifikasyon moun ki nan kay la.

Èske mwen bezwen mete deklarasyon taks sou revni mwen an si mwen voye W-2 mwen an?

- Wi, ou bezwen mete yon kopi deklarasyon taks sou revni ou te ranpli a. Pou kalifye pou ranbousman an, ou dwe te ranpli taks ou yo si sa te nesèsè.

Èske mwen ta dwe mete avantaj revni mwen yo atravè Sèvis Sosyal Konte Weld la?

- Wi, ou dwe deklare tout revni ou menm oswa nenpòt moun nan kay ou te resevwa, menm si li pa parèt sou fòmilè taks ou yo.

Konbyen tan li pral pran pou mwen resevwa ranbousman mwen an?

- Li ka pran jiska twa semèn pou resevwa chèk ou a, epi yo pral aplike kredi sou fakti dlo a pandan tan sa a.

Èske alafwa madanm ak mari bezwen siyen aplikasyon an?

- Wi, si ou marye epi w ap viv nan menm kay la, nou toude dwe siyen aplikasyon an.

Konbyen fwa mwen ka aplike pou pwogram sa yo?

- Ou ka aplike pou yon ranbousman oswa yon kredi sou fakti chak ane kalandriye si ou kalifye.

Èske mwen bezwen yon kont sèvis piblik nan vil Greeley pou m kalifye?

- Wi, ou dwe gen yon kont sèvis piblik ak Vil Greeley pou ou kalifye.

Èske non mwen bezwen parèt sou fakti dlo a?

- Wi, non ou dwe sou fakti dlo a pou ou kalifye.